

**ASESMEN MADRASAH**  
**TINGKAT MADRASAH TSANAWIYAH KABUPATEN WONOSOBO**  
**TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

|                |                 |               |                        |
|----------------|-----------------|---------------|------------------------|
| Mata Pelajaran | : Bahasa Jawa   | Hari, tanggal | : Senin, 29 April 2024 |
| Kelas          | : IX (Sembilan) | Waktu         | : 07.30 – 09.00        |

**I. Pilihlah wangsulan kang bener kanthi menehi tandha ping (X) A, B, C utawa Ding lembar jawab kang cumawis !**

**SINAU BARENG KANCA**

Ing sawijining dina, ana pemuda sing padha dadi kanca akrab wiwit cilik, yaiku Toni lan Habib. Lorone padha seneng sinau lan dadi juara kelas makili sekolah lomba ing nangdi- nangndi.

Untunge pintere bocah loro iku ora marahi dheweke dadi sombong, dadi padha disenengi karo kanca sekolahe. Akeh kancane sing njaluk warah materi ning kelas sakdurunge ulangan ben ora melu remidi kabeh.

- Dina : “Aku kok ora mudheng blas ya karo materi Matematika sing himpunan iki. Kowe paham Din?”
- Dini : “Padha aku ya durung paham.”
- Joni : “Bimbel saiki larange pol, Din. Ora duwe dhuwit aku nek melubimbel.”
- Habib : “Ana apa iki? Arep ulangan apa piye kok kayane pada gayeng temenanggone guneman?”
- Dini : “Iki lho, Bib. Padha bingung ora mudheng matematika bagian himpunan.”
- Toni : “Terus hubungane karo bimbel mau apa? Dha arep milu bimbel?”Joni : “Larang banget, Ton. Aku ora duwe dhuwit.”
- Toni : “Ya wis ngene wae, aku karo habib sering sinau bareng saben dinasenin. Nek arep dha melu ayo.”
- Habib : “Mengko sinau bareng-bareng ben padha mudheng kabeh.”Dina,  
Dini, Joni : “Alhamdulillah, matur suwun ya Ton, Bib.....”

1. Kepiye watake Toni lan Habib miturut sandhiwara ing ndhuwur ?
  - A. umuk
  - B. seneng tetulung
  - C. seneng pamrih
  - D. galak
2. Sapa wae paraga-paraga ing sandhiwara ing ndhuwur?
  - A. Siti, Tini, Iwan, Joni, Lan Habib
  - B. Dina, Dini, Joni, Toni, Habib
  - C. Habib, Sinta, Sisi, Toni, Roni
  - D. Joni, Lala, Iwan, Dina, Dini
3. Cobi titinen sengkalan punika tahun pinten? *Sirna Ilang Kertaning Bumi.*
  - A. 1400
  - B. 2001
  - C. 1300
  - D. 1500
4. Temtokna watak tembung sengkalan kembar, mripat, lan swiwi !
  - A. 4
  - B. 3

- C. 2  
D. 1
5. Endi kang kalebu watak tembung sengkalan 7 ?  
A. alis  
B. ilang  
C. gunung  
D. banyu
6. Ing ngisor iki endi kang migunakake ater-ater tripurusa!  
A. Sega Jagung iki dakpangan.  
B. Payunge mabur.  
C. Banyune mili.  
D. Buah nangka dipangan Rina.

Ande-Ande Lumut

### Prolog

**Kadadosan ing Negari ingkang gemah ripah loh jinawi , tata tentrem kerta**

raharja . wonten salah sawijining pangeran ingkang gesangipun sarwe kacekapan . pangeran kala wau inggih punika putra mahkota ingkang bade nglajengake tahtakerajaan  
Ananging pangeran kala wau mboten marem kalih gesangipun ingkang kacekapan . pangeran kapingin lelana. Nglampahi wana. Pangeran kepingin madosi jati dirine ugi pengalaman gesang . saking mriku wau kawiwitan lelampahan gesangipun pangeran ingkang manggihake sisihan gesangipun inggih punika lare wadon ingkang sae manahipun lan ayu pasuryane.

7. Kadadosan ing Negari ingkang gemah ripah loh jinawi , tata tentrem kerta raharja . Tembung Negari ingkang gemah ripah loh jinawi tegese ....  
A. negara kang amba sugih alam, subur lan makmur  
B. negara kang kerep perang  
C. negara kang alame sugih ananging ora bisa ngolah  
D. negara akang amba lan sugih, rakyat akeh, ananging miskin

### Bagian 1 :

#### Ing alas <awal>

**Kalih tiang kaneman mlampah ngliwati wana ingkang rimbun . ningali kanan keringipun mboten bilih wonten kewan utawi peksi ingkang saget dipun buru. Kaneman bagus kalihan pandereke. Paneman wau sakyektosipun inggih punika pangeran ingkang lelana kangge pados jati dhirinipun .**

*(keterangan: Wong 2 lumampah waspada ndelok ndhuwur ngisor nggoleki kewan buronan)*

Pangeran : “ Jo... bejo... kowe neng endi? jo.... bejo...”

Bejo : “ Pangeran.... Pangeran.... Panjenengan wonten pundi pangeran?”

*(keterangan: mlaku mundur, malah tabrakan wong 2 kuwi nganti sempoyongan).*

Pangeran : “Aduh... kowe kui ati-atia.”

Bejo : “Hehehe.. ngapunten pangeran, kula mboten ngertos pangeran wontenwingking kula”

Pangeran : “Rene Jo rene ! Aku arep cerita.

Bejo : “Wonten napa pangeran ? *(keterangan:*

*Wong 2 lungguh bebarengan lan crita )* Pangeran : “Kok renek kewan dina iki ya?”

Bejo : “ Inggih pangeran sepen sanget !”

*(Keterangan : Pangeran lan abdine jumeneng , sanalika kaget sumerep janma ing ngarepe)*

Pangeran : “Sapa kui Jo ?

Bejo : “Kula mboten ngertos pangeran.”

8. Wis cetha yen pangeran marang beja nggunaake ragam basa ngoko lugu, dene Bejo marangpangeran nggunaake ragam basa ....  
A. ngoko lugu

- B. ngoko alus
- C. krama lugu
- D. krama alus

## Bagian 2 :

### *Wonten ing kaluwarga kleting-kleting*

Wonten wayah enjang Mbok randha kleting nyawiji kalihan putri-putrinipun. Putri-putri Mbok randha kleting sanget ayu pasuryane, piyambake inggih punika kleting Abang, kleting Ijo, ugi salah satunggaling putri tirinipun ingkang nami kleting kuning. Mbok randha kleting sanget remen lan tresna klian putri-putrinipun, ananging benten klian kleting kuning, dados putri tiri piyambake sanget dibentenake katresnanipun. Kleting kuning didhawuhi nyapu, ngresiki griya lan ugi nyambut dame ling sawah, sanget mrihatinake kleting kuning.

Mbok Randha Kleting : “Anak-anakku sing ayu-ayu, rene ndhuk !” Kleting-

kleting : “Inggih, mbok.”

Mbok Randha : ngene ndug ana berita sing penting banget... Kleting

Abang : Berita apa ta mbok...

Kleting Ijo : “Iya mbok enten napa ta?”

Mbok Randha kleting : “Kowe ngerti ta, mbok **randha** dhadhapan kui duwe anak sing bagus banget, jenenge ande-ande lumut ?”

Kleting-kleting : “Owh, Ande-ande lumut Bagus? Wahh gelem no....

Mbok Randha Kleting : “iya, mbok randha dhadhapan gawe sayembara kanggo anake Ande-ande Lumut sing lagi golek garwa.”

**Mboten dangu melih, kleting kuning ingkang saking wau mirengake pirembugansadherekipun, dhatengi mbok randha lan dhialog.**

Kleting Kuning : “Mbok... kula bade matur.”

Mbok Randha kleting : “Matur apa? Apa kowe wis rampung nyapune ?

Kleting Kuning : “Sampun mbok, mekaten mbok kula inggih kepingin nglamardados garwane ande-ande lumut kados mbakyu-mbakyu kleting.”

Mbok Randha Kleting : “Owh ya wis, rene tak dandani kowe.”

*(keterangan: mbok Randha maringi angus lan ambu ora enak kanggo Kleting kuning)*

**Kleting kuning nampi menapa ing ingkang dipun langkahi kanthi sabar dipundawuhake mbok randha kleting ditampi kanthi lembah manah.**

*( ing omah keluarga kleting-kleting )*

9. Saka pratelan crita ing ndhuwur kang kalebu paraga protagonis yaiku ....

- A. Kleting Abang
- B. Kleting Ijo
- C. Kleting Kuning
- D. Mbok Randha kleting

*(keterangan: Wong 2 lungguh bebarengan lan crita )*

Pangeran : “Kok raenek kewan dina iki ya?”

Bejo : “Iya Pangeran, sepi sanget !”

10. Wangsulane Bejo kang bener miturut unggah-ungguhe yaiku ....

- A. “Iya Pangeran sepi sanget !”
- B. “Inggih Pangeran sepi sanget !”
- C. “Iya Pangeran sepi sanget !”
- D. “Inggih Pangeran, sepi sanget !”

11. “Sumangga menawi bu guru badhe wangsul rumiyin, kula kundur mangke mawon.”

Patrape tembung wangsul klian kundur wonten pratelan nginggil ingkang trep miturut unggah-ungguhe inggih punika ....

- A. “Sumangga menawi bu guru badhe wangsul rumiyin, kula mulih mangke mawon.”

- B. “Sumangga menawi bu guru badhe mulih rumiyin, kula kundur mangke mawon.”
- C. “Sumangga menawi bu guru badhe kundur rumiyin, kula wangsul mangke mawon.”
- D. “Sumangga menawi bu guru badhe wangsul rumiyin, kula kundur mangke mawon.”

Yen ana ing Pantai Teluk Penyu bisa nyawang segara kidul. Kajaba iku uga bisa nyawang Pulo Nusa Kambangan. Ombaking segara kidul beda karo ombaking segara lor. Ing Teluk Penyu, akeh prau lan kapal nelayan. Swasana sansaya endah, nalika srengenge wiwit angslup ing iring kulon. Swasana segara kidul pancen nengsemaken.

12. Miturut titikane, paragraph kasebut kalebu gancaran deskripsi....

- A. Subyektif
- B. Obyektif
- C. Ekspositoris
- D. Sugestif

13. Teks kang isine nyritakake sawijining prastawa utawa kedadayan kanthi runtut manut urutanwektu, uga ana paragane diarani ...

- A. deskripsi
- B. eksposisi
- C. narasi
- D. persuasi

Tiyang jawi punika kebak kabudayan saha tata krama ing samudayanipun, dados menawi badhe tindak satunggaling dalemipun tiyang kedah nggadhahi tata krama ingkang luhur, mboten sakersanipun piyambak.

14. Ing ngisor iki kang dudu tata krama mertamu yaiku ....

- A. kanthi niat ingkang sae
- B. kedah nyumerepi wedal ingkang sae
- C. boten damel repot ingkang kagungan dalem
- D. hanggrahabi pasugatan sanajan dereng dipunsumanggakaken.

15. Ing lakon wayang Anoman Duta, Kethek Anoman dadi dhutaning Prabu Ramawijaya. Tembung dhuta tegese padha karo ....

- A. batur
- B. utusan
- C. tukang ngopeni kewan
- D. tukang menehi kabar

16. Dewi Shinta Kadhusta dening Rahwana. Tembung kadhusta tegese padha karo ....

- A. dijupuk
- B. dijaluk
- C. diculik
- D. digendhong

17. Para paraga Ramayana iku mujudake wewatake manungsa. Rama mujudake simbol ....

- A. paseduluran
- B. kawicaksanan
- C. kamurkan
- D. kasetyan

18. Dewi Shinta diapusi Rahwana kanthi malih rupa dadi ... saengga Dewi Shinta kapilut landidhusta.

- A. Kidang Kencana
- B. Trewelu Kencana
- C. Kucing Kencana
- D. Kethek Kencana

19. Dewi Trijatha duweni watak ... kang bisa ngerih-erih lan ngelipur Shinta supaya gelemmangan.
- wengis
  - licik
  - alus bebudene
  - Jembar segarane
20. Ngadepi kaanan kaya mangkono Rewandaseta utawi kapiseta tatag tanggon tanpa miris tanpa gigrig manahe. Ing batine kabeh perkara kang bener bakal pener, lan prakara kang luput/salah mesthi bakal ....
- bener
  - luput
  - salah
  - seleh
21. Guru wilangan lan guru lagune tembang Dandhanggula yaiku ....
- 8a, 10i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a, 7a
  - 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
  - 10i, 8a, 10i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8a, 12a
  - 10a, 10i, 8a, 7i, 9i, 7u, 6i, 8i, 12a, 7a

### **Durma**

- Bener luput ala becik lawan bejailaka  
mapan saking  
ing badan priyangga dudu  
saking wong liyamulane den  
ngati-ati sakeh dirmaga  
singgahana den eling
22. Guru wilangan lan guru lagu gatra katelu tembang ing dhuwur yaiku ....
- 6a
  - 8i
  - 9u
  - 7a
23. Watake tembang Dandhanggula yaiku ...
- luwes, ngresapake ati, manis, sarwa cocog
  - lugu, susah, prasaja, prihatin
  - susah, rasa gela kang mbangeti.
  - nesu, muring, dendam
24. Watake tembang Durma yaiku ...
- susah, nelangsa, prihatin
  - sakepenake, sembranan, guyonan
  - galak, nesu, muring, mangkel
  - sengsem, nesu, dendam
25. Piwulang tembang Dandhanggula yaiku ...
- dadi manungsa kudu nduweni watak angkara
  - dadi manungsa kudu bisa ngedohi tumindak ala.
  - dadi manungsa iku kudu lirwa, lan nyepelekake.
  - manungsa kabeh bisa sageleme dhewe

Bener luput ala becik lawan bejailaka  
mapan saking  
ing badan priyangga dudu  
saking wong liyamulane den  
ngati-ati sakeh durgama  
singgahana den eling

26. Piwulang tembang Durma ing ndhuwur yaiku ....
- A. nyambung paseduluran
  - B. kudu seneng tetulung karo kanca lan sedulur
  - C. dadi wong kang akeh bandane
  - D. dadi wong kudu ningali awake dhewe bab bener luput

**Dhandhanggula** Nanging yen  
sira nggeguru kaki, amiliha manungsa  
kang nyata, ingkang becik martabate,  
sarta kang wruh ing kukum, kang  
ngibadah lan kang wirangi, sokur oleh  
wong tapa,  
ingkang wus amungkul,  
  
tan mikir pawewehing liyan, iku  
pantes sira guro nana kaki, sartane  
kawruhana.

27. Pitutur luhur kang dumunung ing tembang Dhandhanggula ing dhuwur yaiku ....
- A. yen golek guru kudu kang pinter lan okeh bondone
  - B. yen golek guru kudu kang apik martabate, ngerti hukum lan ahli ngibadah
  - C. yen golek guru kudu kang seneng nampa peweh lan seneng pamer
  - D. yen golek guru iku kudu kang seneng pamrih marang liyan
28. Geguritan saka tembung lingga gurit yaiku owah-owahan saka tembung ....
- A. gerita
  - B. gurit
  - C. anggurit
  - D. gita
29. Ing ngisor iki kang kalebu paugeran tembang macapat yaiku ....
- A. guru lagu, guru wilangan, guru gatra
  - B. guru lima, guru mudha, guru budaya
  - C. guru lagu, guru budaya, lang guru lokal
  - D. guru wilangan, guru basa, guru wirama

*Ibu*

*Sapa kang bisa ngerti aku  
Kajaba ibuku  
Sabèn dina sabèn wektu Ibu  
tansah ndidik awakku  
Sabèn ibu duka marang aku  
Lara tenan rasane atiku Ibu  
Aku njaluk restu Supaya  
anggonku sinau  
Bisa migunani kanggo masa depanku  
Ibu  
Aku tresna marang ibu  
  
Tanpa ibu aku dudu sapa-sapa  
Amarga ibu aku ana ing donya  
Matur nuwun ibu  
Aku tresna ibu*

30. Isi geguritan ing ndhuwur yaiku ....
- A. Ibu garwane bapak
  - B. Ibu nduweni anak telu
  - C. Ibuku
  - D. Matur nuwun kanggo ibu

## || ԽԱԿԱՆ ԵՐԱՅԻՆ ԳԵՂՈՐԻՏԻՆ ||

31. Ukara saka pratelan geguritan ing ndhuwur diwaca ...
- A. Aku tresna marang ibu.
  - B. Tanpa ibu aku dudu sapa-sapa.
  - C. Amarga ibu aku ana ing donya.
  - D. Maturnuwun ibu.

## ՏՈՒՆԻՆԻ ԳԵՂՈՐԻՏԻՆ

ԽԱԿԱՆ ԵՐԱՅԻՆ ԳԵՂՈՐԻՏԻՆ

ԵՐԱՅԻՆ ԳԵՂՈՐԻՏԻՆ

ՏՈՒՆԻՆԻ ԳԵՂՈՐԻՏԻՆ

32. Sinten piantun ingkang kasebat wonten geguritan wonten nginggil ....
- A. ibu
  - B. bapak
  - C. kakang
  - D. adhi
33. Pak Tukiman tansah sumeh lan grapyak semanak marang tangga teparo uga wong liyaTegese “grapyak semanak” yaiku ....
- A. andhap asor
  - B. sabar
  - C. bungah
  - D. sresheh/takonan

Assalamualaikum, wilujeng siyang, katentreman saha kawilujengan mugi tansahkajiwa kasarira dhumateng panjenengan sedaya.

34. Ing sajroning pidhato tuladha kasebut diarani ....
- A. isi
  - B. surasa
  - C. panutup/ wasana basa
  - D. pambuka/purwaka basa
35. Wong nindakake pidhato kuwi kudu njaga unggah-ungguh lan subasita. Sebutke sikep sing becik lan jumbuh nalika pidhato !
- A. ora nguwasani materi
  - B. gugup
  - C. asta ngapurancang kebak kapitayan
  - D. ndredheg

Mekaten atur kula minangka talanging atur saking kaluwarga bapa Subagyo sekalian,mbok menawi wonten klenta-klentu atur, nyuwun gunging Samudra pangaksama.

36. Pratelan sesorah wonten nginggil kalebet perangan sesorah ingkang diwastani ....
- isi
  - surasa
  - panutup/wasana basa
  - pambuka/ purwaka basa
37. Angka-angka iki yen diurutna saka gedhe tekan angka cilik kang bener mawa basa kramayaiku ....
- kalihdasa, selikur, kalihlikur, tigalikur, sekawanlikur, selangkung
  - kalihdasa, kalihdasa kalih, kalih dasa tiga, kalihdasa sekawan, kalihdasa gangsal
  - selangkung, sekawan likur, tiga likur, kalih likur, selikur, kalihdasa
  - selawe, sekawan likur, tiga likur, kalih likur, selikur, rong ndasa.
38. Tegese miwah tata karma, den kaesti siang ratri kang ana ing tembang pangkur pada 1 yaiku ....
- tembang pangkur sing dicritakake
  - elek lan apik, apike dingerteni
  - adat istiadat iku, kudu kok ngerteni
  - uga arupa tata karma, lakonana awan bengi

Ki Gede Sedayu seda sakwise mbangun bendungan Danawari. Saksiwe dheweke seda desa tetegal dipimpin dening putrane yaiku KI Gede Honggowono. Deweke diangkat dadi demang. Ki gede Honggowono seda diterusna dening putrane sing jenenge Ki Honggowono. Aran kembar kuwi diarani nunggak semi. Putune Ki gede Sebayu kuwi diangkat dening Sultan Agung dai Adipati Tegal. Arane diganti dadi Ki gede Honggowonosecomenggolo utawa Tumenggung Reksanegara.

39. Ki Gedhe Honggowono seda diterusake dening putrane sing diparingi asma ....
- Ki Honggowono
  - Sultan Agung
  - Ki Sebayu
  - Ki Gede Sebayu
40. Pitutur kang bisa dijupuk saka cerita Jaka Tarub yaiku ....
- Aja sok ngumpetake barang kang ala
  - Barang kang becik mesti angel dilakoni
  - Sapinter-pintere wong ngumpetake barang kanga ala suwe-suwe mesthi bakal konangan
  - Pinter-pintera ngumpetake barang kanga la mesti ora bakal konangan
41. Pranyatan ngisor iki kang gayut ( kang trep ) miturut cerita kidang kencana yaiku ....
- Raden Rama putranipun Kumbakarna
  - Raden Rama garwanipun Dewi Shinta
  - Raden Lesmana garwanipun Dewi Shinta
  - Dewi Shinta garwanipun Prabu Rahwana

Jaman biyen, ing tlatah Menjer Wonosobo, ana 2 prawan kang lagi ngumpulke bahan pangan ing alas. Ujug-ujug ana kepiting kang gedhe banget, lan nengsemake wong sakloron, nganti lali lali pitutur wong tuwa yen sumurup/ weruh bab kang aneh, enggal mulih.

Nanging salah siji Wanita iku nyedhaki lan ngusap kepiting mau, lan sanalika kepiting kuwi ilang, lan papan kuwe krowak bolong gedhe lan jeru ambane watara 70 ha kaya sumur lan nggawa 2 wanita mau, lan dijenengi Telaga Menjer.

42. Ing ngisor iki kang kalebu piwulang luhur kang trep marang Cerita Legendha Tyaiku ....
- Legendha Telaga Warna, dadi anak kuwe kudu manut lan aja nglalekake pitutur wongtuwa
  - Legendha Telaga Menjer, aja seneng nyacad praupane wong lia
  - Legendha Telaga Warna, dadi wong kudu sregep makarya supaya makmur
  - Legendha Telaga Menjer, dadi wong kudu seneng-seneng rasah gampang sedhih

Tumekane negara Alengka, Sinta dipameri kaendahane Kraton Alengka Diraja kang sarwa kemelap, warna-warni rerenggan saka mas, inten lan berlian. Ananging Dewi Sinta ora gumun lan ora kengguh. Rahwana bola-bali ngerih-rih sarta nglipur Sinta supaya gelem digarwa, nanging Sinta ora bisa nglalekake prasetyane marang Rama. Rahwana kuciwa banjur ngutus Trijata supaya ngerih-rih atine Dewi Sinta

43. Saka wacan ing nduwur, apa surasa cerita kang trep ....

- A. Dewi Shinta kapilut marang kaendahan kraton Alengka Diraja
- B. Prabu Rahwana kasil ngarih-arih lan nglipur Dewi Shinta
- C. Dewi Shinta ora bisa nglalekake rasa setya marang Prabu Rama
- D. Rahwana ngarih – arih Dewi Shinta supaya gelem dadi abdi

Prastawa :

Santi seneng nyacad kancane kang ora sugih, amarga dheweke kuwi sugih.

- 1. Toni seneng tetulung marang kanca – kancane kang ora mudheng Pelajaran, amarga dheweke bocah pinter.
- 2. Rani seneng nyacad kancane kang praupane biasa wae, amarga dheweke ayu.
- 3. Nalika oleh informasi tugas saka guru dina ora seneng menehi wara – waramarang kanca sak kelas, amarga deweke ketua kelas.

44. Kahanan kang nggambarake paribasan adigang, adigung adiguna yaiku ....

- A. 1 & 2
- B. 1 & 3
- C. 2 & 4
- D. 3 & 4

Salajengipun badhe lumampah upacara ( a ) .... Upacara punika angggambaraken bilihhejering kakung wajib paring guna kaya dhumateng ( b ) ....

45. Wangsulun saka ceceg-ceceg a lan b kang becik yaiku ....

- A. kacar- kucur, garwa kakung
- B. kucur-kacar, bapak
- C. kacar-kucur, garwa estri
- D. kacar-kucur, ibu mara sepuh

46. Parjo kae pancen bocah apik. Aweh tetulung marang sapa bae. Malah marang yu Marni sing tuwa randha lan wong ora duwe bae dheweke gelem nulung. Parjo nulung tanpa nduwe pamrih piwales apa maneh upah, mula tumindake Parjo kuwi kena diarani .... Tegese nandang pagaweyan tanpa darbe pamelik apa-apa.

- A. Ana catur mungkur
- B. Sepi ing pamrih rame ing gawe
- C. Rawe rawe rantas malang malang putung
- D. Tut wuri handayani

Dipunsami ambanting ing badanira,  
nyudha dhahar lan guling,  
darapon sudaa,  
nepsu kang ngambra-ambra,  
rerema ing tyasireki,  
dadya sabarang,  
karyanira lestari.

47. Piwulang/ pitutur luhur tembang Durma ing ndhuwur yaiku ...

- 1. Wong urip kudu gelem usaha lan prihatin supaya gampang kasembadan gegayuhane
- 2. Manungsa kudu akeh mangan lan turu
- 3. Yen kepingin urip mulya kudu gelem laku prihatin
- 4. Manungsa tanpa prihatin mesthi kasil amarga dongane wong tuwa

- A. 1 lan 3 bener
- B. 1 lan 2 bener

